


Jedi 9 Avril 2020

# Mizajou sou Kowonaviris COVID-19

Vil Malden, Massachusetts



W ap jwenn sa a ak lòt mizajou nan: [cityofmalden.org/coronavirusupdates](http://cityofmalden.org/coronavirusupdates)

## Mizajou sou Malden

- Depatman Sante a te [pibliye lòd](#) pou makèt manje yo pou tabli pwotokòl ki pi strik.
- Majistra Christenson [te siyen yon lòd egzekitif](#) sou ranmase enpo, enterè, penalite, ak frè anrapò ak pema moun dwe.
- [Komite lekòl la te vote](#) pou yo aksepte Plan pou Aprann a Distans Malden Public Schools (MPS) te fè a. Li te kòmanse 6 avril.

## Mizajou sou Eta a ak Peyi a

- Gouvènè Baker te [franchi etap](#) k ap ankouraje moun pratike distans sosyal nan pak piblik yo ak plaj yo.
- Gouvènè Baker te [siyen lwa](#) ki fasilite minisipalite yo jwenn èd nan sèten domèn kle, tankou enpo eta, enpo lokal, ak delè pou chèche pèmi.
- Depatman Sante Piblik Massachusetts la te [pibliye direksyon](#) pou makèt manje.
- Kounye a CDC a [rekòmande](#) tout moun mete mas nan figi yo lè yo soti lakay yo.
- [Enfòmasyon](#) sou chomaj.

## Mizajou sou Sèvis Vil la Ofri yo

- Chanjman nan resiklaj te kòmanse 6 avril. Al gade [www.cityofmalden.org/trash](http://www.cityofmalden.org/trash) pou w jwenn enfòmasyon sou sa.
- Tout Etablisman Vil yo rete fèmen pou piblik la, men yo ouvri pandan lè biznis pou apèl telefòn ak imèl. **Tanpri, rele 781-397-7000.**
- Tanpri, al gade [paj Eta Sèvis Vil](#) nou an pou w jwenn yon lis konplè ki gen tout Depatman Vil yo ak meziajou regilye sou sèvis yo ofri yo.

## Moun Malden ki Enfekte Apati 9 Avril 2020

Moun ki Teste e Konfime Pozitif (nan izòlman) 245

Moun y ap Siveye 313

Moun ki Mouri

## Rete Brance epi Fè yo Avize w

-[Enskri](#) pou yo voye anons ba w nan Imèl oswa SMS.

-Enskri nan [CodeRED](#) pou w jwenn anons nan telefòn ak SMS.

- Mass.gov ap voye anons nan SMS pou w si w voye "COVIDMA" nan 888-777

- Enfòmasyon sou MA: Rele nan 2-1-1

SUIV SOU REZO SOSYO



[cityofmalden](https://www.facebook.com/cityofmalden)



[thecityofmalden](https://twitter.com/thecityofmalden)



[cityofmalden](https://www.instagram.com/cityofmalden)

## Mizajou pou Malden sou Kowonaviris - 9 Avril 2020

### Mizajou sou Malden Public Schools

Komite Lekòl la te aksepte [Plan Aprann a Distans Malden](#) nan jou ki te 6 avril 2020 an. Yo te devlope plan an pou kreye bonjan okazyon pou elèv aprann yon fason envantif e pwodiktif epi pou yo ka rete branche ak anviwònman lekòl la. Volontè MPS yo te distribye 756 Chromebook semèn pase pou fanmi ki pa t gen aksè ak yon òdinatè. Yo te kòmanse aplike plan aprann a distans lan semèn sa a.

### Lòd Egzekitif Majistra a

[Lòd la](#) pwolonje delè a jiska 1 jen 2020 pou peman enpo ak enpo pou byen imobilye ak teren pèsònèl. Epi, yo pwolonje jiska 1 jen dat pou kalkile enterè pou enpo pou byen imobilye ak teren pèsònèl yo poko peye. Mete sou sa, yo pwolonje jiska 1 jen dat pou moun ki kalifye yo aplike pou eksepsyon legal pou sèten enpo pou teren. Moun ka peye bòdwo yo [sou entènèt](#), pa mwayen lapòst si yo voye l bay “Treasurer’s Office”, 110 Pleasant Street, Malden MA, oswa lè yo depoze l nan bwat sekirize ki nan 110 Pleasant Street.

### Mizajou sou Biznis Malden yo

Piske gen enkyetid konsènan jan makèt amnje Malden yo pap ka kenbe distans fizik ant kliyan yo, Depatman Sante Malden nan òdone chanjman ki vin apre yo:

#### **Stop & Shop**

99 Charles Street

7:30 AM – 8:00 PM

150 kliyan alafwa, sèlman 50 moun nan fil datant.

#### **99 Asian Market**

60 Broadway

8:30 to 8:30 PM

100 kliyan alafwa, sèlman 50 moun nan fil datant.

#### **Super 88**

188 Commercial St

9AM to 8:00PM

100 kliyan alafwa, sèlman 50 moun nan fil datant.

Kòm rapèl, al gade paj [Sa k Ouvè ak Sa k Fèmen](#) an. Epitou, al gade paj [Resous pou Biznis Pandan Kowonaviris](#) pou w jwenn sipò.

Mizajou pou Malden sou Kowonaviris - 9 Avril 2020

## Pote w Volontè Pandan COVID-19

Anpil abitan ap mande ki jan yo ka ede. Nenpòt moun ki ta renmen pote yo volontè ka fè sa nan [Malden Neighbors Helping Neighbors](#) (Moun Malden k ap Ede Pwochen yo), ki fè pati yon pi gwo gwoup ki rele Èd Mityèl ki nan zòn nan.

Pou abitan ki bezwen èd, yo ka fè demann nan [Malden Neighbors Helping Neighbors](#) oswa yo ka rele nan **339-224-4842**.

**American Red Cross (Lakwa Wouj)** bezwen ofrann e yo ranje kote ki sekirize pou moun fè ofrann ki aplike pwotokòl strik ak distans sosyal. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou andwa yo, al gade [www.redcross.org](http://www.redcross.org).

## Tanpri, Sonje Pran Prekosyon sa yo



## Si w Malad oswa w Panse w Gendwa gen Senptòm

1. Itilize [Verifikasyon Senptòm Anliy BuoyHealth](#) la pou evalye senptòm ou genyen yo.
2. Suiv sijesyon verifikasyon senptòm nan ba w yo, oswa si w toujou pa sèten, kontakte etablisman ou konn jwenn swen an, sal ijans lan, oswa yon klinik sante. **Pa ale nan okenn nan etablisman sa yo san w pa rele yo davans pou yo ba w enstriksyon.**

## Dirèksyon CDC a Bay

CDC a (Sant Kontwòl Maladi) rekòmande moun mete mas twal sou figi yo lè yo an piblik, sitou kote l difisil pou pratike distans sosyal, tankou nan makèt manje ak famasi.

## Pou w Jwenn Plis Enfòmasyon sou COVID-19

Pou w jwenn fèy ransèyman nan plizyè lang, enfòmasyon sou sante mantal pandan pandemi an, konsèy pou byennèt, ak lòt enfòmasyon, [al gade paj fèy ransèyman Massachusetts Depatman Sante Piblik](#) la.